WIKIPÉDIA

Moa

Moa punika sajinis peksi saking nagari Niu Selan. Moa kapérang dados sewelas spésies (lan enem genera) saking pèksi endemik ing nagari Selandia Énggal ingkang boten saged miber lan sapunika kéwan punika sampun cures.[1] Kalih spésies ingkang paling ageng inggih punika *Dinornis robustus* lan *Dinornis novaezelandiae*, gadhah inggil ngantos 3,7 m, kanthi abot 230 kg.[1]

Moa punika taksih mlebet urutan *Struthioniformes*, sanajan wonten ingkang gadhah pamanggih manawi Moa mlebetipun dhateng urutan *Dinornithiformes*. Sewelas spésies Moa gadhah swiwi ingkang alit sanget.[2] Moa kalebet sato kéwan hèrbivor ing ékosistem Selandia Ènggal.[2] Godhong, pang, lan woh-wohan gadhah mangfaat ingkang wigati minangka pangananipun Moa.[2] Moa dipunburu déning garudha Haast, satunggalipun garudha paling ageng sadonya ingkang sapunika sampun cures. Moa cures dipunsababaken amargi perburuaan lan risakipun wana.[2] Alas punika dipunrisak déning suku Māori.[2] Kinten-kinten Moa sampun cures sadaya ing taun 1500.[2]

Sadèrèngipun kiwi dipunanggep minangka sadhèrèkipun Moa, nanging perbandingan DNA wonten satunggalipun panaliten ingkang dipuntebitaken ing makalah ing taun 2005 nyebataken bilih Moa langkut caket pasadhèrèkanipun kaliyan emu Australia lan Kasuari.[3] Nanging ing panaliten ingkang dipunpublikasikaken ing taun 2010 nyebataken bilih MOa gadhah pasadhèrèkan ingkang langkung caket kaliyan pèksi tinamous ing Amérika Kidul.[3]

Moa

Moa ingkang dipunserang Garudha Haast

Setatus konservasi

Extinct (1500)

Klasifikasi ngèlmiah

Karajan:	Animalia
Filum:	Chordata
Klas:	Aves
Superordho:	Paleognathae
Ordho:	Struthioniformes
Famili:	**Dinornithidae**

Genera

Anomalopteryx
Euryapteryx
Megalapteryx
Dinornis
Emeus
Pachyornis

Cathetan suku

1. Davies, S. J. J. F. (2003)
2. OSNZ (2009)
3. Phillips, *et al.* (2010)

Pranala njawi

- TerraNature list of New Zealand's extinct birds (http://www.terranature.org/extinctBirds.htm)
- Moa Pages (http://www.giantflightlessbirds.com/moa)
- TerraNature page on Moa (http://www.terranature.org/moa.htm)
- Tree of Life classification and references (http://tolweb.org/tree?group=Dinornithidae)
- Big Bird´s Last Stand (http://www.unexplained-mysteries.com/viewnews.php?id=62976)

Artikel iki minangka artikel rintisan. Kowé bisa ngéwangi Wikipédia ngembangaké (https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Moa&action=edit).

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Moa&oldid=1417772"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 09.02, 5 Fèbruari 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.